



## **NY State of Health – Kondisyon Sèvis pou Mesaj Tèks SMS oswa MMS**

*Dat li Antre An Vigè: 8 avril 2022*

Lè ou bay NY State of Health nimewo telefòn selilè w, ou dakò (oswa “chwazi”) pou resevwa sèvis mesaj tèks otomatik ki kout (“SMS” oswa tèks) oswa Sèvis Mesaj Miltimedya (“MMS”) (“tèks mesaj” oswa “Sèvis” yon fason ki kolektif) nan men oswa nan non NY State of Health epi ou rekonèt nimewo sa a se nimewo pa w li ye. Ou pa oblije dakò resevwa mesaj tèks pou ou kapab gen pwoteksyon.

Kapasite pou ou resevwa mesaj tèks nan men nou kapab gen rapò ak konpayi telefòn san fil ou an oswa aparèy mobil ou an. Ni NY State of Health, ni konpayi telefòn ki ap bay sèvis la p ap responsab okenn reta oswa si ou pa resevwa yon mesaj tèks. Yo bay Sèvis mesaj tèks la “JAN LI VINI” an. Frè mesaj ak done ka aplike. Kontakte founisè sèvis san fil ou a si ou gen kesyon sou plan ou an.

### ***Kalite Mesaj ak Chak ki lè ou Resevwa yo***

Lè ou chwazi pou resevwa mesaj tèks, nou ap voye yon mesaj tèks pou kapab konfime l, epi ou ap konfime l pandan ou ap reponn “WI”. Voye yon mesaj tèks ki di “ÈD” pou kapab jwenn èd.

### ***Anilasyon***

Ou kapab anile opsyon tèks la nenpòt kilè pandan ou ap voye yon mesaj tèks ki di “SISPANN”. Nou ap voye yon mesaj tèks pou konfime ou pa enskri ankò. Ou kapab enskri ankò pandan ou ap voye yon mesaj tèks ki di KÒMANSE.

Si ou chanje nimewo telefòn selilè, ou dwe mete nimewo telefòn selilè a ajou sou kont ou an. Si ou gen nenpòt kesyon sou konfidansyalite oswa sou fason nou itilize done ou yo, tanpri li politik konfidansyalite pou voye mesaj nou an [nystateofhealth.ny.gov/privacy.html](https://nystateofhealth.ny.gov/privacy.html).

### ***Chanjman nan Kondisyon Avi sa a***

Nou ka chanje Kondisyon Sèvis yo nenpòt lè san nou pa mete ou okouran anvan sa. Nou ap pibliye Kondisyon ki revize yo ansanm ak dat mizajou a antre an vigè. Lè ou kontinye itilize Sèvis la apre yo fin pibliye mizajou nan Kondisyon yo, ou te jwenn enfòmasyon sou mizajou sa yo, epi ou dakò pou yo lye ak chanjman sa yo.